

28 jen 2010

Chè Paran/Gadyen,

Kòm ou dwe konnen, orè aktyèl pou lekòl k ap kòmanse ann Otòn, ap kòz elèv tounen lekòl nan Mèkredi, 8 septanm 2010.

Men depi kèk semenn, nou aprann dirèkteman anpil paran ak kominote lekòl yo gen enkyetid osijè enpak Jou fèt Travay ak konje jwif yo genyen sou premye semenn lekòl la. Yo mande nou konsidere pou premye jou lekòl la se Lendi, 13 septanm 2010.

Paran ki ekri nou yo etandone yo rann yo kont jan l enpòtan pou nou pa pèdi yon jou lekòl, answit pwopozè pou pwofesè ak anplwaye nou yo itilize jou Mèkredi, 8 septanm sa a kòm yon jou pou fòmasyon pwofesyonèl, olye yo itilize jou ki rele jou *Brooklyn-Queens* lan - yon jou pou fòmasyon pwofesyonèl ki tonbe Jedi, 9 jen 2011 kòm yon jou lekòl.

E Majistra e Mwen panse pwopozisyon sa a fè sans pou tout moun ki konsène yo epi, anfèt, ta epànje paran pwoblèm pou yo jwenn gadri pou yon jou, nan mitan semenn vakans nan mwa Jen.

Men pou yo plan sa a mache, nou bezwen akò *United Federation of Teachers* (UFT).

Malerezman, UFT refize pwopozisyon nou an, kidonk nou oblije pa ka chanje kalandriye a.

Mwen vle tou konsidere deklarasyon UFT a fè nan laprès pou di ke nou dwe pèmèt divès lekòl louveri diferan jou. Lide sa a tou senpleman pa fezab.


Nou pa ka genyen yon sistèm dezòdone kote divès lekòl louveri diferan jou, sa ki ta mande pou nou gen diferan orè pou otobis ak diferan orè pou manje. Sa ta twouble paran yo, ak reprezante yon lòt pwoblèm nan bidjè nou a, epi dezòganize tout kalandriye lekòl la.

Nou konprann epi sa afekte nou konnen estrès kèk fanmiy ka santi poutèt orè a pandan premye semenn lekòl la, epi nou regrèt nou pa ka chanje yon bagay nou panse ki dirèk ak jis pou tout moun.

Men etandone nou pa kapab mete nou dakò avèk UFT, n ap kòmanse lekòl nan Mèkredi, 8 septanm 2010.

M ap swete oumenm ak fanmiy ou yon ete amizan, rilaks, epi n ap kontan wè tout moun ann otòn.

Ak senserite,



Joel I. Klein
Chanselye